

FLEX-CV

Règleman ak Pwosed

20 novanm 2020

Administrasyon Ajans la:

Pwogram FLEX-CV a se yon pwogram ijans pou ede moun peye lwaye pandan yon ti tan ak asistans ipotèk pou moun Somerville ki pèdi revni yo oswa ki genyen yon ogmantasyon nan depans yo a koz de COVID-19.

Kowalisyon pou moun ki pa gen kay nan Somerville / Somerville Homeless Coalition ("Ajans lan") pral dirije pwogram FLEX-CV a.

Kritè kalifikasyon:

Pou kalifye yon aplikan dwe satisfè kritè sa yo:

1. Genyen yon revni brit egal oswa pi ba pase 100% Revni Medyàn Zòn (Area Median Income /AMI) pou rejyon an;
2. Se yon rezidan nan Somerville; e
3. Gen lwaye pou peye, ipotèk, frè kondò oswa bezwen yon kòb kay pou kouvri mwa Desanm, 2020.

Depans ki akseptab:

Peman yo pral fèt a tyès sa yo (bank, mèt kay) pou aplikan ki kalifye e ki dwe yon lwaye, moun ki gen frè pou peye paske yo an reta pou lwaye, frè tribinal, ak mògej ou dwe nan moman aplikasyon an. Moun ki ap chache Kòb pou peye lwaye kay tou, kapab jwen èd tou jiska mwa desanm 2020 la.

Montan Peman

Pa pral gen okenn limit sou kantite lajan an dola nan nenpòt ki peman, men peman pou depans yo aksepte a, pa kapab sèvi pou peman yon sèvis oswa responsablite apre Desanm, 2020 pou kèlkeswa rezon an.

Fanmi (ki bezwen aplike ansanm) pou asistans:

Kapab genyen plis pase yon aplikan kap viv nan menm kay. Konjwen yo, pitit yo, nenpòt paran timoun yo ak / oswa moun kap okipe timoun minè yo dwe aplike ansanm tankou yon fanmi.

Dokimantasyon ki nesèsè pou yon aplikasyon ka konsidere kòm konplè:

1. Dokimantasyon sou Revni

Dokimantasyon sou revni yon tyès pou tout manm nan kay la. Nan ka Ajans la oswa nenpòt ajans ki chwazi kòm referance ta va aji pou jwen dokiman sa yo ak dilijans, men yo pa kapab jwenn li nan yon tan rezonab, manm nan kay la ka bay yon oto-sètifikasyon de revni pa li.

2. Dokimantasyon sou moun kap lwe kay la pou aryere lwaye, frè reta ak frè tribinal yo:

a. Dokimantasyon pwopriete a sou fòm yon avi pou kite oswa yon deklarasyon ki siyen ki endike kantite lajan ou peye pou lwaye chak mwa, kantite total ou dwe, ak mwa yo ki poko peye. Si peman yo fèt en reta epi li pa klè ki mwa ki rete pou peye, total ki rete pou peye a ap ase. Kantite kòb pou nenpòt ki frè sou reta oswa frè tribinal dwe dokimante tou; ak

b. Yon W9 ranpli e siyen.

3. Dokimantasyon pou peman mògaj:

a. Yon bòdwo mògaj oswa yon deklarasyon ki soti nan konpayi ipotèk la ki endike kantite lajan mògaj ke moun nan dwe peye ak konbyen li dwe; oswa

4. Dokimantasyon ki montre pèt revni ki gen rapò ak COVID oswa yon ogmantasyon nan depans

a. Yon deklarasyon aplikan an ki eksplike relasyon ki genyen ant lwaye, mògajk oswa sèvis piblik ak pandemi COVID-19 la.

Akòde yon prim FLEX-CV

Aplikan yo dwe jwen finansman FLEX-CV a lè Ajans lan jwen tout dokiman yo mande yo, epi ajans lan detèmine si yo ranpli kondisyon kalifikasyon yo. SHC ka apwouve aplikasyon yo pou kont li. Nan ka ke Ajans la detèmine ke yon aplikan pa kalifye pou FLEX-CV, ka a dwe revize pa ekip revizyon sa yo: Ellen Shachter, OHS; Susan Hegel, CASLS; Ashley Tienken, CAAS; ak Janine Lotti, SCC. Chak ajans ka deziyen yon ranplasan si manm ekip revizyon an pa disponib. Desizyon sou aplikasyon yo prezante bay ekip revizyon an ap apwouve si majorite nan manm ekip revizyon an detèmine ke aplikan an satisfè kritè ki endike yo, e li dwe jwenn kalifikasyon li. Ajans ki te ede yon moun nan aplikasyon pou lajan sa a pa kalifye pou vote. Yap bezwen de vòt kòm minimòm, pou bay yon prim si youn oswa plis nan ajans yo pa kalifye pou vote.